



ENFÒMASYON APRE PASAJ SIKLÒN IRMA



**Enfòmasyon enpòtan sila yo ap pèmèt ou resevwa èd ak nenpòt pwoblèm ki rive akòz de siklòn nan.
Tanpri kontakte ajans sila yo pou plis enfòmasyon:**

- **Vil North Lauderdale** – www.nlauderdale.org - Telefòn Prensipal #**954-722-0900** Komisyonè: **954-724-7056** Administrasyon – **954-724-7040**
- **Biwo Jesyon Risk ak Dezas Broward County** – <http://www.broward.org/hurricane/Pages/Default.aspx>
- **Enfòmasyon sou risk ak dezas Eta Florid** – 1-800-342-3557
- **Telefòn pou repòte ogmantasyon eksèsif pri yon pwodui** – 866-966-7226 oubyen vizite myfloridalegal.com. Kenbe resi w ousinon fe yon foto pri ki afiche a kòm prèv.
- **Lokasyon tanporè Dezas Piblik** – E. Pat Larkin Community Center, 520 Martin Luther King Blvd, Pompano Beach, Fl 33068, # **954-786-4585** – *jiska 9/30/17**

ENFÒMASYON SOU ASISTANS NAN KA DEZAS

Asistans FEMA pou endividi ka gen ladan li sibvansyon pou lwaye, lojman tanporè epi reparasyon nan kay endividi a, epi tou finansman pou lòt bezwen serye ki relye ak dezas la, tankou bezwen medikal, dantè ouswa pri antèman. Si ou genyen asirans, li toujou posib pou FEMA ede w avèk depans ke asirans pa kouvri konplètman oswa depans ke plan asirans ou an pa kouvri .

Ou ka anrejistre pou asistans nan fason sila yo:

- Sou <http://www.DisasterAssistance.gov>- ouswa rele nan **800-621-3362** oubyen **TTY 1-800-462-7585**
- Pou moun ki sèvi ak 711 oswa Sèvis Retransmisyon Videyo (VRS), rele nan 800-621-3362.
- Lè ou fini aplikle, yon enspektè FEMA gen pou rele ou pou pran redevou pou yon enspeksyon. Enspeksyon an ka dire 30-40 minit ou mwens e li konpoze de verifikasyon domaj dezas yo epi revizyon dokiman pwopriyete ouswa rezidans ou. *Pa gen anyen pou peye pou enspeksyon.*
- Lè yon enspektè FEMA ap vin lakay ou, asire ke enspektè a montre ou idantifikasyon li. Enspektè yo ka pa mete mayo FEMA, men chak moun ap genyen Kat Idantifikasyon Federal, swa FEMA, TSA oubyen nenpòt lòt ajans ki fè pati de ekip la.
- Si ou ta sispèk yon moun ap pran pòz yon enspektè FEMA, tanpri rele nan **866-720-5721**, oswa rele ajans polis nan zòn ou an.

DBPR: Siy pou Edew Dekouvri Kontraktè ki pa Lisansye

Pandan ke nap retabli epi ede popilasyon an reprann vi nòmal yo li enpòtan pou fè nou sonje enpòtans pou nou sèlman anplwaye kontraktè ki lisansye pou fè travay reparasyon kay ak lòt estrikti pou evite raketè ak vole. Depatman Biznis ak Reglemantasyon Pwofesyonèl (DBPR) fè nou konnen ke gen kontraktè ki soti nan lòt eta ppou al pran avantaj de gwo travay reparasyon ki disponib nan zòn kote ki gen dezas. Men kèk siy ki ka endike yon kontraktè pa lisansye:

- Mande lajan davans.
- Travay san okenn kontra ekri.
- Mache pòt pa pòt ap ofri sèvis.
- Piblisite ak yon nimewo telefòn ki pa sot Florid.
- Mande pou peye ak lajan kach Selman.
- Itilizasyon gwo presyon pou ofri ou sèvis.

Pou plis enfòmasyon ou ka kontakte DBPR nan 850.487.1395 epi ou ka jwenn plis enfòmasyon sou www.myfloridalicense.com/dbpr.

OPERASYON TWATI BLE

Operasyon Twati Ble a ofri tanporèman yon kouvèti plastik ble pou ede evite plis domaj rive kay ou jiskaske yon reparasyon pèmanan ka fèt. Pou yo ka edew, ou dwe siyen yon fòmilè “Dwa Antre” (ROE) pou otorize ajan ak kontraktè yo antre lakay ou pou yo ka evalye nivo domaj twati a. – **Rele nan 888-ROOF-BLU (888-766-3258) pou plis enfòmasyon.**

Aplikan ki sèvi ak 711 oswa Sèvis Retransmisyon Videyo ka rele tou nan 800-621-3362. Moun ki soud, ki pa ka tande byen, oswa ki gen yon andikap lapawòl e ki itilize yon aparèy TTY ka rele nan 800-462-7585.

Prepare epi distribye pa Majistra, Komisyon ak Administrasyon Vil la.

Majistra Jack Brady; Vis Majistra Lorenzo Wood – Komisyonè Distri “A” Jerry Graziose – Komisyonè Distri “B”; Rich Moyle – Komisyonè Distri “C” epi Samson Borgelin – Komisyonè Distri “D”